

Envitasyon Aplikasyon FAC (atravè imèl)

Bonjou Kolèg,

Nou kontan anonse ke aplikasyon yo louvri kounye a pou **Konsèy Konseye Familyal EEC** a (FAC) epi nou mande sipò ou pou pataje opòtinite sa a ak fanmi nan kominote w la.

Konsèy Konsiltatif Familyal la asire fanmi yo fè pase vwa pa yo nan fason yo mete an plas pwogram, règleman, estrateji ak resous EEC yo. Konpreyansyon ak eksperyans fanmi yo ede ranfòse fason EEC sèvi timoun ak fanmi yo atravè Massachusetts.

Detay Enpòtan

- **Peryòd Aplikasyon an:** 5 Janvye – 13 Fevriye, 2026

Pou kiyès li bon:

- Paran ak moun k ap okipe timoun ki abitye ak pwogram oswa sèvis EEC yo
- Gen eksperyans nan sipòte oswa angaje w ak kominote w
- Vle pataje pèspektiv ou pou ede ranfòse edikasyon ak swen/gadri pou timoun piti yo

Tanpri revize **deskripsyon wòl ki atache** a pou aprann plis bagay sou responsablite yo, limit règleman yo, konpansasyon an, ak plis detay.

Fanmi yo ka aplike lè yo itilize lyen ki anba a. Yo p ap aksepte aplikasyon apre dat delè a pase.

✦ **Aplike sou :** mass.gov/EECFamilyAdvisory

Aprann Plis Toujou (Opsyonèl)

Fanmi ak moun k ap sipòte w yo ka patisipe nan yon sesyon enfòmasyon pou aprann plis. Ou ka aplike si w patisipe ni si w pa patisipe.

Pou w enskri, tanpri klike lyen ki pa anba a pou w chwazi dat ou prefere a:

- [12 Janvye 2:00 – 3:00 pm](#)
- [22 Janvye 6:00 – 7:00 pm](#)
- [4 Fevriye Midi – 1:00 pm](#)

Si w ta gen yon kesyon, tanpri kontakte **Ayesha Rodriguez** nan Ayesha.Rodriguez@mass.gov.

Mèsi paske w ede nou leve vwa fanmi yo plis toujou alantou Massachusetts.

Kòdyalman,

Ekip Aksè Familyal la & Angajman an